



Swen pye pou moun ki gen dyabèt

Si ou konprann plis poukisa ak kòman, sa ka ede ou reyisi reyèlman nan tretman ou.

Moun ki gen dyabèt dwe pran swen espesyal ak pye yo. Dyabèt ka lakòz anpil pwoblèm diferan nan pye. Li posib pou pwoblèm òdinè yo vin pi mal epi lakòz konplikasyon grav.

Dyabèt ka lakòz domaj nan nè ki elimine sansasyon nan pye ou. Anpil pwoblèm nan pye rive lè gen domaj nan nè, ki rele tou newopati. Ou ka blese pye ou epi ou pa konnen sa. Domaj nan nè yo ka lakòz pikotman, doulè, oswa feblès nan pye ou. Epitou, dyabèt ka diminye sikilasyon san nan pye yo, sa ki fè li pi difisil pou yo geri ak yon blezi oswa ou reziste kont enfeksyon. Chanjman nan fòm pye ou oswa zòtèy ou ka lakòz pwoblèm tou.

Ou ta dwe fè yon egzamen pye konplè nan men doktè ou omwen chak ane. Fè egzamine pye ou pandan chak vizit si ou gen pwoblèm ak pye ou, tankou pèt sansasyon, chanjman fòm pye ou, oswa ilsè nan pye. Paj sa a montre kèk lòt bagay ou ka fè pou kont ou chak jou pou kenbe pye ou an sante.

Lave pye ou nan dlo tyèd chak jou. Teste dlo a avèk koudbra ou pou asire li pa twò cho. Pa tranpe pye ou paske sa ka seche po ou.



Kenbe po a mou avèk yon losyon idratan, men pa pase li nan fant zòtèy yo. Imidite anpls la ka lakòz enfeksyon.



Seche pye ou byen, sitou fant zòtèy yo.



Enspekte pye ou chak jou pou koupe, maleng, anpoul, woujè, kò, oswa lòt pwoblèm. Si ou pa ka wè yo byen, sèvi ak yon glas oswa mande yon lòt moun pou tcheke pye ou pou ou. Rapòte nenpòt chanjman nan pye ou bay ekip swen dyabèt ou touswit.



Swen pye pou moun ki gen dyabèt

Mande ekip swen dyabèt ou oswa podyat ou (espesyalis pye)

kòman ou ta dwe pran swen zong pye ou. Si ou vle fè yon pediki, pale avèk ekip swen ou pou konnen si li san danje pou ou.



Pou evite blese pye ou, pa janm mache pye atè andedan ni deyò.




Pou evite anpoul, toujou mete chosèt ki bon pou pye ou, ki pwòp, mou, kont-imidite.

Pa mete chosèt oswa ba rive nan wotè jenou ki twò sere anba jenou ou.



Anvan ou mete soulye ou yo, verifye anndan yo pou rebò file, fann, ti wòch, klou, oswa nenpòt bagay ki ka blese pye. Enfòmè ekip swen dyabèt ou an touswit si ou blese pye ou.



Toujou mete soulye ki byen ajiste. Fè yo abitye avèk gwosè ak fòm pye ou lantman.



Pa fimen. Fimen afekte veso sangen yo epi li ka diminye sikilasyon san nan pye yo. Move sikilasyon san se yon gwo menas pou pye ou paske yo ka mwens kapab konbat enfeksyon ak geri.



Sonje pou pran swen pye ou epi enfòmè ekip swen dyabèt ou touswit si gen nenpòt siy pwoblèm nan pye. Toujou swiv direktiv doktè ou lè w ap pran swen pye ou.

Ale sou www.NovoCare.com pou jwenn resous anplis epi enfòmasyon itil! Dirije kamera smatfòn ou sou kòd QR lan pou jwenn aksè rapid ak sit entènèt la sou telefòn ou.



Eskane M!

Novo Nordisk Inc. akòde otorizasyon pou repwodui pyès sa a pou rezon edikatif san fè pwofwi sèlman akondisyon ke yo konsève pyès la nan fòm orijinal li epi ke avi dwadotè a afiche. Novo Nordisk Inc. bay tèt li dwa pou anile otorizasyon sa a nenpòt ki lè.

NovoCare® se yon mak depoze Novo Nordisk A/S.

Novo Nordisk se yon mak depoze Novo Nordisk A/S.

© 2023 Novo Nordisk Enprime Ozetazini. US22DI00362 Janvyè 2023

www.NovoCare.com

